



# Konte Miami-Dade Gid Enfòmasyon Pou Votè

YOUR VOICE. YOUR  
**VOTE**

MIAMI-DADE  
COUNTY

# ***YON MESAJ SIPÈVIZÈ ELEKSYON NOU AN***

Chè Votè nan Konte Miami-Dade,

Mèsi pou enterè w nan Gid Enfòmasyon pou Votè Konte Miami-Dade la ki gen ladan enfòmasyon enpòtan, tankou enfòmasyon enskripsyon votè rive nan egzijans pou moun vin yon travayè biwo vòt, ak disponiblite nan twa fason pratik pou vote.

Sik Eleksyon 2024 la rive sou nou, e va gen anpil enterè ak eksitasyon nan ane eleksyon sa a! Sonje, mwen vle ou konnen ke pèsonèl Depatman Eleksyon Miami-Dade yo déjà prepare pou eleksyon sa yo epi yo va asire ke yo fèt avèk menm nivo presizyon, transparans ak aksesibilite ki abitye genyen yo.



Pou nou site kèk, nou te:

- Fè amelyorasyon sistèm pou vote a pou asire itilizasyon yon lojisyèl tabilasyon ki pi ajou, ki pi ansekirite
- Fè mizajou politik ak pwosedi pou asire konfòmite a nouvo lwa eta a
- Fè yon antretyen lis pou asire ke lis votè yo ajou ak egzat
- Deplwaye Estasyon Resepsyon Bilten Vòt Sekirize (Bwat pou Depoze Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs) sou sit pou Vote pi Bonè pandan orè Vote pi Bonè; epi
- Envesti nan fòmasyon travayè devwe biwo vòt nou yo

Nou va pare pou eleksyon. Antanke votè, nou vle w pare pou eleksyon tou!

Ou ka fè sa lè w:

- Asisre w ke w enskri pou vote epi fè revizyon enfòmasyon nou gen nan dosye nou sou sit entènèt nou an pou asire w ke li ajou
- Rete enfòme sou pwosesis elektoral la, kandida yo ak kestyon sou bilten vòt la nan fè revizyon Echantillon Bilten Vòt la anavn chak eleksyon
- Konnen Twa Fason pou Vote yo; epi
- Sòti al vote!

Dat enpòtan eleksyon pou w kenbe nan tèt ou:

- Plizyè vil va gen eleksyon tou an 2024. Vizite sit entènèt nou an pou wè si sa aplike pou ou.
- Eleksyon Primè Preferans Prezidansyèl 19 mas 2024
- Eleksyon Primè 20 dawout 2024
- Eleksyon Jeneral 5 novanm 2024

Si w ta gen nenpòt kestyon, tanpri kontakte biwo nou nan 305-499-VOTE (8683) oswa vizite nou [sou entènèt](#).

Nan non pa mwen ak anplwaye devwe Depatman Eleksyon yo, tanpri konnen ke misyon nou se tabli konfyans lè nou ap fè eleksyon ki jis, egzat, transparan, ak aksesib a tout votè nan Konte Miami-Dade. Nou espere sèvi ou ak kenbe konfyans nan pwosesis la.

Meyè konsiderasyon,

Christina White  
Sipèvizè Eleksyon

## Tabdèmatyè

Seksyon 1 – DEKLARASYON DWA VOTÈ.....	4
Seksyon 2 – RESPONSABILITE VOTÈ .....	4
Seksyon 3 – ELEKSYON PRIMÈ FÈMEN .....	5
Seksyon 4 – GID ENSKRIPSYON POU VOTÈ.....	5
Seksyon 5 – VOTE NAN KONTE MIAMI-DADE .....	9
Seksyon 6 – TRAVAYÈ BIWO VÒT .....	22
Seksyon 7 – ASISTANS VOTÈ .....	25
Seksyon 8 – RESTORASYON DWA VOTE.....	26
Seksyon 9 – KESTYON VOTÈ POZE SOUVAN .....	27
Seksyon 10 – KESTYON, PLENT AK VYOLASYON .....	29
Seksyon 11 – KALANDRIYE ELEKTORAL .....	30

## Seksyon 1 – DEKLARASYON DWA VOTÈ

Lwa Florid 101.031 di chak votè ki enskri nan Konte Miami-Dade gen dwa pou li:

- Vote epi se pou yo konte vòt li a kòrèkteman.
- Depoze yon bilten vòt si li déjà nan liy pandan fèmti ofisyèl biwo vòt yo nan konte sa a.
- Mande epi resevwa asistans pou li vote.
- Resevwa jiska de (2) bilten vòt ranplasman si li fè fot anvan li depoze bilten vòt la.
- Resevwa eksplikasyon si enskripsyon li oswa idantite li an kestyon.
- Si enskripsyon li oswa idantite li an kestyon, depoze yon bilten vòt pwovizwa.
- Resevwa enstriksyon ekri pou li itilize lè l ap vote, epi, sou demann, enstriksyon awotvwa nan men pèsonèl elektoral la.
- Vote san presyon oswa entimidasyon nan men pèsonèl elektoral la oswa lòt moun.
- Vote sou yon sistèm vòt ki mache byen epi ki va pèmèt bilten vòt yo depoze kòrèkteman.

## Seksyon 2 – RESPONSABILITE VOTÈ

Lwa Florid 101.031 di chak votè ki enskri nan Konte Miami-Dade ta dwe:

- Abitye tèt li avèk kandida yo ak kestyon yo.
- Kenbe adrès li ajou avèk biwo Sipèvizè Eleksyon an.
- Konnen kote biwo vòt li a ye ak lè li ouvè.
- Pote bonjan idantifikasiyon nan biwo vòt la.
- Abitye tèt li avèk jan ekipman vòt la fonksyone nan sant elektoral li a.
- Trete pèsonèl sant elektoral la avèk koutwazi.
- Respekte konfidansyalite lòt votè.
- Rapòte tout pwoblèm oswa vyolasyon lwa elektoral yo bay Sipèvizè Eleksyon an.
- Poze kestyon, si sa nesesè.
- Asire ke bilten vòt li ranpli an kòrèk anvan li kite biwo vòt la.

*Pa egzèse nenpòt nan responsabilite sa yo pa entèdi yon votè pou li vote.*

## Seksyon 3 – ELEKSYON PRIMÈ FÈMEN

Florid se yon eta ki gen eleksyon primè fèmen. Sèlman votè ki enskri kòm manm pati politik kapab vote pou kandida nan pati respektif yo oswa sa ki resevwa nominasyon pou yon pòs elektif nan yon eleksyon primè enkli eleksyon primè preferans prezidansyèl.

Sepandan, gen de fwa kote tout votè ki enskri kapab vote nan yon eleksyon primè, kèlkeswa si yo te enskri nan yon gwo oswa yon ti pati politik oubyen menmsi yo enskri san yon afilyasyon pati:

1. Si tout kandida pou yon pòs elektif gen menm afilyasyon pati epi moun ki genyen eleksyon primè a pap gen okenn kandida anfas li nan eleksyon jeneral la (sa vle di okenn kandida ekri alamen pat kalifye), alò tout votè ki enskri ka vote pou nenpòt kandida pòs elektif sa a nan eleksyon primè an.
2. Si kous elektoral yo san pati politik (sa vle di, li pa gen afilyasyon pati) pou biwo jij, konsèy eskolè, distrik espesyal san pati politik oswa kestyon referandòm lokal sou bilten vòt eleksyon primè a, alò tout votè ki enskri, enkli moun ki pa gen afilyasyon pati gen dwa vote nan kous elektoral sa yo sou bilten vòt la.

Nan yon eleksyon jeneral, tout votè ki enskri resevwa menm bilten vòt la e yo kapab vote pou nenpòt kandida oswa kestyon, kèlkeswa afilyasyon pati yo. Si genyen kandida ekri alamen ki te kalifye pou yon pòs elektif anpatikilye, nou va lese yon espas sou bilten vòt la kote moun ka ekri non yo.

## Seksyon 4 – GID ENSKRIPSYON POU VOTÈ

### Kilès ki kapab enskri pou vote?

Ou dwe:

- Gen omwen 18 ane (ou ka enskri alavans nan jou ou gen 16 lane a oswa apre).
- Se yon sitwayen ameriken.
- Rezide nan Konte Miami-Dade. Pa gen yon kantite tan yon votè dwe rete isit la anvan li enskri pou vote.

### Kilès ki pa kapab enskri pou vote?

- Nenpòt moun ki pa ranpli kondisyon ki pi wo yo.
- Nenpòt moun yo te jije enkapab mantalman pou li vote, epi ki pat gen dwa vòt li restore.
- Nenpòt moun ki te kondane pou krim, epi ki pat gen dwa vòt li restore.

### Kilè yon sitwayen kapab enskri pou vote?

Sitwayen ki kalifye yo kapab enskri pou vote nenpòt ki lè, men yo dwe konnen dènye delè enskripsyion an pou tout eleksyon se 29 jou anvan Jou Eleksyon an.

### Enskripsyon Votè Sou Entènèt se opsyon ki pi fasil si ou genyen lisans chofè oswa pyès idantite Florid ki verifyab nan dosye.

Enskripsyon Votè Sou Entènèt disponib pou enskripsyon votè ak mizajou dosye ki egziste deja. Li fèt pou:

- Verifye enfòmasyon idantifikasyon (ki vle di: elijibilite, Nimewo Lisans Chofè Florid oswa Nimewo Kat Idantite Florid, Nimewo Sekirite Sosyal ak dat yo te emèt yo)
- Pran siyati ki pi resan nan men Depatman Sekirite Otowout ak Veyikil a Motè

Yon fwa dosye yo valide, yo va voye yo elektwonikman bay Depatman Eleksyon pou trete yo. Si enfòmasyon yon moun pa kapab valide, moun sa a va oblige enprime aplikasyon an ki nan sistèm Enskripsyon Votè Sou Entènèt la epi li va voye li pa lapòs bay:

Sipèvizè Eleksyon  
P.O. Box 521550  
Miami, Florida 33152

### Voye Enskripsyon pa Lapòs

Chak aplikan ki enskri pa lapòs, ki pa te janm vote an Florid, e ke Depatman Deta verifye yo pa te janm resevwa yon Lisans Chofè Florid ki aktyèl e valid, yon Kat Idantite Florid, oswa yon Nimewo Sekirite Sosyal, yo dwe soumèt bay Depatman Eleksyon kopi yon idantifikasyon ki gen foto ki aktyèl e valid epi ki genyen non votè a ak adrès rezidans aktyèl li anvan li kapab vote. Tanpri **pa** soumèt dokiman **orijinal**.

Votè ka soumèt enskripsyon votè yo lè yo [telechaje aplikasyon an \(English\) \(Español\)](#) epi yo voye pa lapòs fòm orijinal yo siyen an bay:

Sipèvizè Eleksyon  
P.O. Box 521550  
Miami, Florida 33152

Si yon votè bezwen plis enfòmasyon konsènan ajans ki pi pre li, oswa li bezwen jwenn yon fòm pa lapòs, li ka kontakte Sant Repons 311 Konte a oswa Depatman Eleksyon nan **305-499-VOTE (8683)** nenpòt jou lasemèn ant **8:00 a.m. ak 5:00 p.m.**

**REMAK: Lè yon moun enskri pou vote, adrès rezidans legal li obligatwa daprè lwa [97.053 Eta Florid](#).** Si yon votè bay yon adrès postal, Bwat Postal (*P.O. Box*), oswa yon adrès biznis, nou va konsidere aplikasyon an pa konplè epi aplikasyon an ka pa gen tan trete a lè pou yon eleksyon. Nou kapab aksepte Bwat Postal ak lòt adrès biznis kòm adrès postal sèlman, men pa kòm adrès rezidans legal.

**Enskri an pèsòn:** Nan Konte Miami-Dade gen anpil ajans ofisyèl kote sitwayen ki kalifye yo kapab enskri an pèsòn oswa pran yon fòm enskripsyon votè:

- Depatman Eleksyon (2700 NW 87th Avenue, Miami, Florida 33172)
- Biwo Lisans Chofè Florid
- Bibliyotèk Piblik Konte Miami-Dade yo
- Biwo Gouvènman Konte yo
- Nenpòt ki ajans asistans piblik Eta a
- Biwo rekritman Fòs Ame yo

## Fòm Aplikasyon Enskripsyon Votè nan Florid:

 <b>Enstriksyon pou Aplikasyon Enskripsyon Votè Florid ak Fòm (DS-DE 39, R15-2.040, F.A.C.) (anvizé 04/24/2024)</b>		<b>Information:</b> Please contact your county's Supervisor of Elections office if you wish to obtain this form in English.																																																																																																									
<b>Fason pou w enskri</b> <ul style="list-style-type: none"> <li>Rampli epi soumèt fòm sa a pa lapòs oswa an pèsobn bay:           <ul style="list-style-type: none"> <li>Bwo Sipèrviz Eleksyon an (adres postal yo déy fòm lan).</li> <li>Nenpot bwo ki deliver Isani chofe.</li> <li>Nenpot ajans enskripsyon voté (bwo asistans piblik, sant pou grāmanmeng engarm, bwo ki silv moun ki gen andikap, billyotek piblik, oswa bwo rekrutman fòs lame), oswa</li> <li>Divizyon Eleksyon an</li> </ul> </li> <li>Enskri sou entènèt: RegisterToVoteFlorida.gov (cewa kod QR).</li> </ul> <p><b>Remak:</b> Si yon organizayon tyès pati enskripsyon voté (3PVR) kolektiv aplikasyon w lan, 3PVR O a dwe ba cu yon resi. 3PVR O a ka pa livo aplikasyon w lan nan lespas 10 jou oswa nan dat limit enskripsyon an oswa amvan. Diferensye, ou ka chwazi voye aplikasyon w lan pa lapòs oswa bay Sipèrviz Eleksyon w lan oswa ou ka enskri sou entènèt.</p> <p><b>Egjazyon Enskripsyon Vote</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Sitwayen ameriken, rezidan Eta Florid e rezidan kontine</li> <li>Laj 16 ane pou pi pli (oswa 16 ane pou enskripsyon antisipe)</li> <li>Pa jie manteman enkapa, cewa si yo te jie w enkapa, dwa vôt ou dwe retabli.</li> <li>Pa dwe kondane pou yon krim, cewa si ou te kondane, dwa vôt ou dwe retabli.</li> <li><b>Pa rampli fòm sa a si ou pa rampli tout egjazyon sa yo.</b></li> </ul> <p><b>Klik pou w enskri</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Dat limit pou w enskri se 29 jou amvan yon eleksyon.</li> <li>Dat limit pou w chanje pati se 29 jou amvan yon eleksyon primé.</li> </ul> <p><b>Estati Enskripsyon</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Si yo aksepte aplikasyon an, Sipèrviz w la ap voye yon kat enfòmasyon voté pa lapòs.</li> <li>Si aplikasyon w lan pa komplé oswa si yo refize I, Sipèrviz w la ap kontakte w.</li> <li>Kontakte Sipèrviz ou si w gen nenpot lot keson.</li> </ul>		 <p><b>Egjazyon Identifikasiyon (ID) pou Anrejistre oswa Aktivalye Dosye</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Yon Isans chofe Florid ki ajou e valid (FL DLF), oswa nimewo kat identite Florid (FL IDM), oswa kat dénye chif nimevo Sekrete Seçayò ou (SSN).</li> <li>Egjazyon espesyal aplike si w enskri pou premye fwa pa lapòs, si w pa t janm vote amvan an Florid, epi si w pa t janm nesvava yon FL DL oswa yon kat identite oswa yon SSN. Ou va gen obligasyon pou w bay idantifikasiyon anvan w vote.</li> <li><b>Florid se yon Eta kote Eleksyon Primé yo Fémen/Afflyasyon Pati Politik</b></li> <li>Ou dwe enskri nan yon pati politik pou w ka vote nan eleksyon primé sa a. Separand, nan eleksyon primé, tout voté ka vote sou keson non-patizan ak pou kandida nans eleksyon patizan sa a si kandida yo pa fe fes a okenn opozisyon nan eleksyon general la.</li> <li>Si w ap enskri pou premye fwa, e ou pa chwazi yon pati, ou va enskri san afflyasyon pati (NPA). Si ou deya enskri, e ou pa chwazi yon pati, chwazi pati ke ou gerryen nan dosye a ap note memm jan an.</li> </ul> <p><b>Dosye Piblik</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Piyo enfòmasyon voté yo, tankou nimewo telefon ak adres imel yo se enfòmasyon piblik. Moun ka wi sayati w men yo pa ka kopye it.</li> <li>Enfòmasyon annapre yo pa piblik: FL DLF, FL IDM, SSN, kote ou te enskri pou w vote, e si ou te refize enskri oswa aktivalye dosye enskripsyon voté ou nan yon ajans enskripsyon voté oswa yon bwo ki deliver kat FL DL oswa FL ID.</li> </ul> <p><b>Resous</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Nimewo telefon Sipèrviz a nan do fòm lan.</li> <li>Divizyon Eleksyon: <a href="https://dos.d.fl.gov/elections/">https://dos.d.fl.gov/elections/</a></li> <li>Li Dirèk Asistans Voté: 1.866.308.6739</li> <li>Vizit Rechèch Enfòmasyon Voté: <a href="https://registration.elections.myflorida.com/CheckVoterStatus">https://registration.elections.myflorida.com/CheckVoterStatus</a></li> </ul>																																																																																																									
<p>Ranje 1 – B ak 15 owe rampli pou yo ka trete yon aplikasyon. Eket byen idé ak yon plim mwa oswa ble.</p> <table border="1"> <tr> <td><input type="checkbox"/> Nouvo Enskripsyon</td> <td><input type="checkbox"/> Mizajou oswa chanjman (egzanp, adres, non, afflyasyon pati, sayati)</td> <td><input type="checkbox"/> Demann pou ramplase kat enfòmasyon voté</td> </tr> <tr> <td>1</td> <td>Éske w se yon sitwayen ameriken?</td> <td>W <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/></td> </tr> <tr> <td>2</td> <td colspan="3"><input type="checkbox"/> Mwen afime ke miwen pa kondane pou yon krim, cewa si miwen te kondane pou krim, dwa pou miwen vote te retabli. (Pou enfòmasyon sou dwa vôt moun ki te fò krim, vizite paiz entènèt Divizyon Eleksyon an - <a href="https://dos.d.fl.gov/election/">https://dos.d.fl.gov/election/</a>)</td> </tr> <tr> <td>3</td> <td colspan="3"><input type="checkbox"/> Mwen afime ke yo pa t jie miwen manteman enkapa pou miwen vote, oswa si yo te jie miwen enkapa, konpetans miwen te retabli.</td> </tr> <tr> <td>4</td> <td>Dat nesans (mm-j-aaaa)</td> <td>Lisans chofe Florid oswa Nimewo Kat Identifikasiyon (FL DLID)</td> <td>4 dasye chif SSN (si ja gen FL DLID)</td> <td><input type="checkbox"/> Mwen pa janm resvèv yon FL DLID oswa SSN.</td> </tr> <tr> <td>5</td> <td>Non Fanmi</td> <td>Prenon</td> <td>Dezyèm prenon</td> <td>Sitiks (Sr Jr II)</td> </tr> <tr> <td>6</td> <td>Adrès domisil kote w abite nan FL (pa bay P.O. box ni adres biznis)</td> <td>Apt. VII</td> <td>Konte</td> <td>Zipkod</td> </tr> <tr> <td>7</td> <td>Adrès postal (si li dileran de sa ki piwo a oswa kourye pa rive nan domisil)</td> <td>Apt. VII</td> <td>Eta oswa peyi</td> <td>Zipkod</td> </tr> <tr> <td>8</td> <td>Adrès kote ou te enskri an dénye</td> <td>Apt. VII</td> <td>Eta</td> <td>Zipkod</td> </tr> <tr> <td>9</td> <td>Ansyen non (si non w chanje)</td> <td>Seks</td> <td colspan="2">Eta/peyi nesans</td> </tr> <tr> <td>10</td> <td>Nimewo telefon (pa obligatoe)</td> <td><input type="checkbox"/> Imel mwen echantillon bilten vôt si yo disponib nan konte mwen. Adrès imel:</td> <td colspan="2"></td> </tr> <tr> <td>11</td> <td colspan="4">Pati afflyasyon (chwazi yon) (Gade sekson Florid se yon Eta kote Eleksyon Primé yo Fémen/Afflyasyon Pati Politik piwo a)</td> </tr> <tr> <td>12</td> <td><input type="checkbox"/> Pati Demokrat Florid</td> <td><input type="checkbox"/> Pati Republikan Florid</td> <td><input type="checkbox"/> San afflyasyon pati (NPA)</td> <td><input type="checkbox"/> Pati minè (ekri non pati a): _____</td> </tr> <tr> <td>13</td> <td colspan="2">Residente (chwazi yon)</td> <td>Nwa, ki pa gen orijin Panyòl</td> <td>Panyòl</td> </tr> <tr> <td>14</td> <td colspan="2"><input type="checkbox"/> Endyen Ameriken/Natif Alaska</td> <td><input type="checkbox"/> Azyatik/Moun Zile Pasifik</td> <td><input type="checkbox"/> Blan, ki pa gen orijin Panyòl</td> </tr> <tr> <td>15</td> <td colspan="2"><input type="checkbox"/> Milit/Royal</td> <td>Lòt:</td> <td></td> </tr> <tr> <td>16</td> <td colspan="2">Estat militè/aletranje (chwazi yon, si li aplikab)</td> <td colspan="2"></td> </tr> <tr> <td>17</td> <td colspan="2"><input type="checkbox"/> Mwen se yon militè an servis aktif oswa manm Marin Komisyonal oswa</td> <td colspan="2">marimedan yo oswa depandan.</td> </tr> <tr> <td>18</td> <td colspan="2"><input type="checkbox"/> Mwen va bezwen éd pou m vote.</td> <td colspan="2"><input type="checkbox"/> Mwen ta renmen vin yon travayé biwo vôt oswa yon travayé eleksyon</td> </tr> <tr> <td>19</td> <td colspan="4">Mwen konprann ke se yon krim 3yèm degre drape Iwa Eta a ak Iwa Federal pou moun bay mani oswa afime oswa soumèt fo enfòmasyon.</td> </tr> <tr> <td>20</td> <td colspan="4">Séman: Mwen fè séman (oswa afime) solanéiman, mwen va pwoteje ak defann Konstitusyon Elazini an ak Konstitusyon Eta Florid la, mwen kalfye pou miwen enskri kom yon voté dapsre Konstitusyon ak Iwa Eta Florid la, epi tout enfòmasyon miwen bay nan aplikasyon sa a se varie.</td> </tr> <tr> <td>21</td> <td colspan="2">Siyatti X</td> <td>Date</td> <td>3PVR No. Agent Initials Date Collected</td> </tr> </table>				<input type="checkbox"/> Nouvo Enskripsyon	<input type="checkbox"/> Mizajou oswa chanjman (egzanp, adres, non, afflyasyon pati, sayati)	<input type="checkbox"/> Demann pou ramplase kat enfòmasyon voté	1	Éske w se yon sitwayen ameriken?	W <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	2	<input type="checkbox"/> Mwen afime ke miwen pa kondane pou yon krim, cewa si miwen te kondane pou krim, dwa pou miwen vote te retabli. (Pou enfòmasyon sou dwa vôt moun ki te fò krim, vizite paiz entènèt Divizyon Eleksyon an - <a href="https://dos.d.fl.gov/election/">https://dos.d.fl.gov/election/</a> )			3	<input type="checkbox"/> Mwen afime ke yo pa t jie miwen manteman enkapa pou miwen vote, oswa si yo te jie miwen enkapa, konpetans miwen te retabli.			4	Dat nesans (mm-j-aaaa)	Lisans chofe Florid oswa Nimewo Kat Identifikasiyon (FL DLID)	4 dasye chif SSN (si ja gen FL DLID)	<input type="checkbox"/> Mwen pa janm resvèv yon FL DLID oswa SSN.	5	Non Fanmi	Prenon	Dezyèm prenon	Sitiks (Sr Jr II)	6	Adrès domisil kote w abite nan FL (pa bay P.O. box ni adres biznis)	Apt. VII	Konte	Zipkod	7	Adrès postal (si li dileran de sa ki piwo a oswa kourye pa rive nan domisil)	Apt. VII	Eta oswa peyi	Zipkod	8	Adrès kote ou te enskri an dénye	Apt. VII	Eta	Zipkod	9	Ansyen non (si non w chanje)	Seks	Eta/peyi nesans		10	Nimewo telefon (pa obligatoe)	<input type="checkbox"/> Imel mwen echantillon bilten vôt si yo disponib nan konte mwen. Adrès imel:			11	Pati afflyasyon (chwazi yon) (Gade sekson Florid se yon Eta kote Eleksyon Primé yo Fémen/Afflyasyon Pati Politik piwo a)				12	<input type="checkbox"/> Pati Demokrat Florid	<input type="checkbox"/> Pati Republikan Florid	<input type="checkbox"/> San afflyasyon pati (NPA)	<input type="checkbox"/> Pati minè (ekri non pati a): _____	13	Residente (chwazi yon)		Nwa, ki pa gen orijin Panyòl	Panyòl	14	<input type="checkbox"/> Endyen Ameriken/Natif Alaska		<input type="checkbox"/> Azyatik/Moun Zile Pasifik	<input type="checkbox"/> Blan, ki pa gen orijin Panyòl	15	<input type="checkbox"/> Milit/Royal		Lòt:		16	Estat militè/aletranje (chwazi yon, si li aplikab)				17	<input type="checkbox"/> Mwen se yon militè an servis aktif oswa manm Marin Komisyonal oswa		marimedan yo oswa depandan.		18	<input type="checkbox"/> Mwen va bezwen éd pou m vote.		<input type="checkbox"/> Mwen ta renmen vin yon travayé biwo vôt oswa yon travayé eleksyon		19	Mwen konprann ke se yon krim 3yèm degre drape Iwa Eta a ak Iwa Federal pou moun bay mani oswa afime oswa soumèt fo enfòmasyon.				20	Séman: Mwen fè séman (oswa afime) solanéiman, mwen va pwoteje ak defann Konstitusyon Elazini an ak Konstitusyon Eta Florid la, mwen kalfye pou miwen enskri kom yon voté dapsre Konstitusyon ak Iwa Eta Florid la, epi tout enfòmasyon miwen bay nan aplikasyon sa a se varie.				21	Siyatti X		Date	3PVR No. Agent Initials Date Collected
<input type="checkbox"/> Nouvo Enskripsyon	<input type="checkbox"/> Mizajou oswa chanjman (egzanp, adres, non, afflyasyon pati, sayati)	<input type="checkbox"/> Demann pou ramplase kat enfòmasyon voté																																																																																																									
1	Éske w se yon sitwayen ameriken?	W <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>																																																																																																									
2	<input type="checkbox"/> Mwen afime ke miwen pa kondane pou yon krim, cewa si miwen te kondane pou krim, dwa pou miwen vote te retabli. (Pou enfòmasyon sou dwa vôt moun ki te fò krim, vizite paiz entènèt Divizyon Eleksyon an - <a href="https://dos.d.fl.gov/election/">https://dos.d.fl.gov/election/</a> )																																																																																																										
3	<input type="checkbox"/> Mwen afime ke yo pa t jie miwen manteman enkapa pou miwen vote, oswa si yo te jie miwen enkapa, konpetans miwen te retabli.																																																																																																										
4	Dat nesans (mm-j-aaaa)	Lisans chofe Florid oswa Nimewo Kat Identifikasiyon (FL DLID)	4 dasye chif SSN (si ja gen FL DLID)	<input type="checkbox"/> Mwen pa janm resvèv yon FL DLID oswa SSN.																																																																																																							
5	Non Fanmi	Prenon	Dezyèm prenon	Sitiks (Sr Jr II)																																																																																																							
6	Adrès domisil kote w abite nan FL (pa bay P.O. box ni adres biznis)	Apt. VII	Konte	Zipkod																																																																																																							
7	Adrès postal (si li dileran de sa ki piwo a oswa kourye pa rive nan domisil)	Apt. VII	Eta oswa peyi	Zipkod																																																																																																							
8	Adrès kote ou te enskri an dénye	Apt. VII	Eta	Zipkod																																																																																																							
9	Ansyen non (si non w chanje)	Seks	Eta/peyi nesans																																																																																																								
10	Nimewo telefon (pa obligatoe)	<input type="checkbox"/> Imel mwen echantillon bilten vôt si yo disponib nan konte mwen. Adrès imel:																																																																																																									
11	Pati afflyasyon (chwazi yon) (Gade sekson Florid se yon Eta kote Eleksyon Primé yo Fémen/Afflyasyon Pati Politik piwo a)																																																																																																										
12	<input type="checkbox"/> Pati Demokrat Florid	<input type="checkbox"/> Pati Republikan Florid	<input type="checkbox"/> San afflyasyon pati (NPA)	<input type="checkbox"/> Pati minè (ekri non pati a): _____																																																																																																							
13	Residente (chwazi yon)		Nwa, ki pa gen orijin Panyòl	Panyòl																																																																																																							
14	<input type="checkbox"/> Endyen Ameriken/Natif Alaska		<input type="checkbox"/> Azyatik/Moun Zile Pasifik	<input type="checkbox"/> Blan, ki pa gen orijin Panyòl																																																																																																							
15	<input type="checkbox"/> Milit/Royal		Lòt:																																																																																																								
16	Estat militè/aletranje (chwazi yon, si li aplikab)																																																																																																										
17	<input type="checkbox"/> Mwen se yon militè an servis aktif oswa manm Marin Komisyonal oswa		marimedan yo oswa depandan.																																																																																																								
18	<input type="checkbox"/> Mwen va bezwen éd pou m vote.		<input type="checkbox"/> Mwen ta renmen vin yon travayé biwo vôt oswa yon travayé eleksyon																																																																																																								
19	Mwen konprann ke se yon krim 3yèm degre drape Iwa Eta a ak Iwa Federal pou moun bay mani oswa afime oswa soumèt fo enfòmasyon.																																																																																																										
20	Séman: Mwen fè séman (oswa afime) solanéiman, mwen va pwoteje ak defann Konstitusyon Elazini an ak Konstitusyon Eta Florid la, mwen kalfye pou miwen enskri kom yon voté dapsre Konstitusyon ak Iwa Eta Florid la, epi tout enfòmasyon miwen bay nan aplikasyon sa a se varie.																																																																																																										
21	Siyatti X		Date	3PVR No. Agent Initials Date Collected																																																																																																							

Yon aplikasyon enskripsyion votè ranpli DWE gen ladan yon mak nan kare (yo) ki aplikab:

**Kare 1.** Yon mak nan kare a ki afime ou se sitwayen ameriken.

**Kare 2.** Yon mak nan kare a ki afime votè a pa yon kriminèl kondane, oswa si li te kondane, yo te restore dwa vòt li.

**Kare 3.** Yon mak nan kare a ki afime yo pat jije votè an enkapab mantalman pou li vote, oswa si yo te jije li konsa, dwa vòt li te restore.

**Kare 4.** Dat nesans votè a ak yon nimewo Lisans Chofè Florid ki valid oswa nimewo Kat Identifikasiyon Florid. Si votè yo pa kapab bay youn nan enfòmasyon sa yo, yo dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal yo.

**Kare 5.** Non votè a.

**Kare 6.** Adrès rezidans legal votè a.

**Kare 15.** Siyati votè a ki afime li sèmante sou pèn pouosit jidisyè enfòmasyon ki nan aplikasyon enskripsyion an vre (**Nou pa aksepte Manda**). **REMAK:** *Yon votè ki gen yon aplikasyon ki pa deziye pati politik va enskri san aflyasyon pati.*

**Note:** Depatman Eleksyon va voye pa lapòs yon nouvo kat enfòmasyon votè nenpòt lè gen yon chanjman nan lokal pou votè a vote, biwo vòt oswa enfòmasyon enskripsyion tankou aflyasyon pati ak non.

## Òganizasyon Enskripsyion Votè Eksteryè

Yon òganizasyon enskripsyion votè eksteryè se nenpòt ki moun, antite oswa òganizasyon ki ofri oswa ramase nenpòt aplikasyon enskripsyion votè, eksepte:

- Yon moun ki ap chèche sèlman enskri pou vote oswa ramase aplikasyon enskripsyion votè nan men mari/madanm, pitit, oswa paran li  
oswa
- Yon anplwaye oswa ajan ki enskri oswa ramase aplikasyon enskripsyion votè nan non Divizyon Eleksyon an, Sipèvizi Eleksyon an, Depatman Sekirite Otowout ak Veyikil a Motè, oswa yon ajans enskripsyion votè ofisyèl.

Gen lwa trè sevè ki regle zafè demann ak ramasaj aplikasyon pou enskripsyion votè, gen ladan yo egzijans pou moun enskri davans.

Pou plis enfòmasyon, tanpri al sou [sit entènèt](#) Divizyon Eleksyon Florid la.

## Seksyon 5 – VOTE NAN KONTE MIAMI-DADE

Gen twa fason pratik pou egzèse dwa vòt ou:

### Vote pa Lapòs

Votè yo gen opsyon vote alèz lakay yo lè yo fè demann yon bilten vòt pou vote pa lapòs. Yo ka mande yon bilten vòt pou vote pa lapòs, an pèsòn, pa telefòn (305-499-VOTE), pa lapòs, oswa sou entènèt. Tout demann pou yon bilten vòt pou vote pa lapòs dwe rive pa pi ta pase 12yèm jou anvan eleksyon an.

Nou voye pa lapòs yon bilten vòt an papye bay votè a pou li make, mete li nan yon anvlop kachte epi voye li bay Sipèvizè Eleksyon an. Biwo Sipèvizè Eleksyon an dwe resevwa bilten vòt la pa pi ta pase 7:00 p.m. nan jou eleksyon an.

Li esansyèl lè votè yo ap vote ak bilten vòt pou vote pa lapòs, pou yo suiv enstriksyon ki vini avèk bilten vòt yo a atantivman epi pou yo siyen andedan kare wouj sètifikasi anvlop nou bay la. Se fason sa a nou detèmine se votè a ki voye bilten vòt li tounen. Nou bay enstriksyon detaye sou bilten vòt la ak enstriksyon espesyal nan pake bilten vòt pa lapòs la.



Demann yo dwe fèt alekri lè moun sèvi avèk Fòm Demann Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs nan tout Eta a (English) (Español) (epi li dwe gen ladan siyati votè a sòf si votè a se yon votè militè an sèvis ki absan oswa yon votè aletranje, oswa si se yon reprezantan ki fè demann lan.

Bilten pa lapòs dwe ale jwenn votè apati 40 jou anvan chak eleksyon nan tout konte a si gen yon demann ki déja aktyèlman nan dosye oswa nan lespas 2 jou apre demann la.

## **Men kijan ou dwe retounen Biltmiami en Vòt pou Vote pa Lapòs yo:**

- Pa Lapòs** - Ou ka retounen yon bilten vòt pou vote pa lapòs pa Sèvis Lapòs Etazini epi nou dwe resevwa li pa pi ta 7:00 p.m. Jou Eleksyon an. Yo dwe poste bilten vòt yo voye bay:

Supervisor of Elections  
P.O. Box 521650  
Miami, Florida 33152

- An Pèsòn** - Yon votè ki te resevwa bilten vòt pou vote pa lapòs ka retounen pwòp bilten vòt li an pèsòn bay:
  - Depatman Eleksyon Miami-Dade nan 2700 NW 87th Avenue, Miami, FL 33172; Stephen P. Clark Center, Elections Branch Office, 111 NW 1st Street, Lobby, Miami, FL 33128; jou lasemèn ant 8:00 a.m. rive 5:00 p.m. epi pa pi ta pase 7:00 p.m. Jou Eleksyon an.
  - Nan nenpòt Lokal pou Vote pi Bonè nan lè pou Vote pi Bonè yo nan Estasyon Resepsyon Bilten Vòt Sekirize (Bwat pou Depoze Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs).
- Pa Moun Votè a Deziyen an** - Moun sa a pa ka retounen plis pase de (2) bilten vòt anwetan pwòp pa li a pa eleksyon, eksepte lòt bilten vòt adisyonèl ka retounen pou mari/madanm, paran, ptit, granparan, ptit ptit, oswa frè/sè moun yo deziyen an oswa mari/madanm moun yo deziyen an. Met sou sa, yon gadyen legal ki pa yon manm fanmi ka retounen yon bilten vòt nan non ou jou eleksyon an sèlman.

Moun votè a deziyen an kapab retounen bilten vòt la nan **2700 NW 87<sup>th</sup> Avenue, Miami, FL 33172** oswa nan Biwo Sikisal Depatman Eleksyon ki sitiye nan lòbi biling Stephen P. Clark Center a, **111 NW 1st Street, Miami, Florida 33128**, jou anvan ak jou eleksyon an si moun votè a deziyen an se yon manm fanmi imedya li epi sèlman jou eleksyon an si moun votè a deziyen an pa yon manm fanmi imedya li.

Moun yo deziyen an dwe prezante idantifikasyon ki gen foto ansanm avèk yon **deklarasyon ekri** votè a ki gen enfòmasyon ki pi ba yo:

- Non votè a an lèt detache
- Nimewo telefòn lajounen votè a
- Dat nesans votè a
- Nimewo lisans Chofè Florid Votè a, nimewo idantifikasyon Florid, oswa kat dènye chif nimewo sekirite sosyal li
- Nimewo enfòmasyon enskripsyon votè a (pa obligatwa)
- Non moun ki ap retounen bilten vòt pou vote pa lapòs la
- Si votè a manm fanmi imedya moun li deziyen an, rezon ki fè votè a dwe fè yon lòt moun remèt bilten vòt pou vote pa lapòs la
- Si votè a pa manm fanmi imedya moun li deziyen an, moun ki deziyen an dwe prezante tou deklarasyon yon doktè siyen sou papye a lèt doktè a ki di, poutèt yon ijans medikal ki gen pou wè avèk votè a oswa moun ki sou responsabilite votè a, votè ki nonmen an pa kapab vote nan biwo vòt epi li pa kapab retounen yon bilten vòt pou vote pa lapòs an pèsòn
- Siyati votè a

**Remèt nan Biwo Vòt yo Jou Eleksyon an** – Yon votè ki pito vote an pèsòn kapab remèt yon bilten vòt pou vote pa lapòs ki vote oswa ki pa vote nan biwo vòt li a Jou Eleksyon an. Konsèy elektoral la va make “cancelled” (ki vle di anile) sou bilten vòt li remèt la. Yon votè ki swete vote an pèsòn, men ki **pa** retounen bilten vòt la nan sant elektoral la, kapab vote sèlman sou kondisyon sila yo:

- Konsèy elektoral la konfime yo pa resevwa bilten vòt pou vote pa lapòs votè a.
- Si konsèy elektoral la pa kapab detèmine si yo te resevwa bilten vòt pou vote pa lapòs la, votè a kapab vote yon bilten vòt pwovizwa.

**Votè yo pa ka vote avèk bilten vòt pou vote pa lapòs nan biwo vòt yo. Yo dwe remèt li.**

**Mizajou Siyati** – Lè yo resevwa yon bilten vòt pou vote pa lapòs, Depatman Eleksyon verifye si se votè a ki te retounen pwòp bilten li lè li verifye siyati a. Nou konpare siyati votè a ak siyati ki nan dosye. Siyati chanje souvan; se pou sa, li rekòmande pou votè yo mete siyati yo ajou lè sa nesesè. Pou fè sa, tou senpleman ranpli yon [Aplikasyon Enskripsyon Votè Florid \(English\)](#) ([Español](#)) ki disponib nan Depatman Eleksyon, biwo lisans chofè, bibliyotèk piblik, sikisal biwo gouvènman an, ak ajans leta ki bay asistans piblik. Mizajou siyati yo dwe fèt anvan Depatman Eleksyon resevwa bilten vòt pou vote pa lapòs la.

**Afidavi koreksyon** – Nou va voye yon "afidavi koreksyon siyati" bay votè ki konsène pou korije yon defisyans siyati sou yon bilten vòt ki retounen. Nou ankouraje w bay enfòmasyon pou kontakte ou sou anvlòp bilten vòt ou retounen an pou nou ka kontakte ou imedyatman si gen yon defisyans. Si ou ta resevwa notifikasyon ki soti nan biwo nou ki endike yon defisyans, nou ankouraje ou soumèt "[afidavi koreksyon siyati](#)" a (si sa aplikab) pa pi ta pase 5:00 p.m. nan dezyèm jou apre yon eleksyon.

Mete yon kopi youn nan fòm idantifikasiyon annapre yo (ID):

- **Nivo 1: Idantifikasiyon** - *Idantifikasiyon aktyèl e ki valid ki gen ladan non ak foto w:*

Lisans chofè Florid; Kat idantite Florid ke Depatman Sekirite Otowout ak Veyikil delivre; Paspò Etazini; kat debi oswa kredi; oswa kat militè, etidyan, sant retrèt, asosyasyon katye, oswa kat idantite asistans piblik; Kat idantifikasiyon sante veteran ki soti nan Depatman Afè Veteran Etazini; Lisans Florid pou pote yon zam kache oswa yon zam a fe; oswa kat idantifikasiyon anplwaye ki soti nan nenpòt ki sikisal, depatman, ajans, oswa antite nan Gouvènman Federal la, eta a, yon konte, oswa yon minisipalite.

Si ou pa gen yon fòm idantifikasiyon Tier 1, ou ka bay youn nan sa annapre yo:

- **Nivo 2: Idantifikasiyon** - *Pyès Idantite ki montre non ou ak adrès rezidans aktyèl ou: bòdwo sèvis piblik aktyèl; relve labank; chèk gouvènman; chèk salè; oswa dokiman gouvènman (eksepte kat enfòmasyon votè).*

**Retounen** - Kèlkeswa metòd retou a, yo dwe retounen bilten vòt pa lapòs nan anvlop sètifica ki enkli nan bilten vòt la. Anvlòp la dwe siyen anndan bwat wouj anvlop sètifica yo bay la. Siyati elektè a sou anvlop sètifica a dwe matche ak siyati elektè a sou dosye ak Depatman Eleksyon an.

**Vòt Sipèvize nan Lojman Avèk Asistans (ALF sig anglè) ak nan Mezon Swen Enfimye (NH sig anglè)** – Vòt sipèvize selon [Lwa Florid 101.655](#) disponib pou votè ALF/NH pou garanti tout rezidan yon ALF/NH kapab depoze bilten vòt yo nan yon anviwònman an sekirite e ki aksesib, san laperèz, entimidasyon oswa eksplwatasyon. Lalwa egzije ALF/NH ki vle patisipe yo, soumèt demann yo alekri bay Depatman Eleksyon an pa pi ta pase 21 jou anvan yon eleksyon. Tanpri presize nan demann lan non ALF/NH la ak non votè ki swete patisipe yo. Demann lan dwe gen ladan non omwen senk (5) votè pou biwo nou an ofri vòt sipèvize.

### **Vote pi Bonè**

Vote pi bonè kòmanse 15 jou anvan eleksyon nan tout konte a. Nenpòt votè ki enskri kapab vote nan nenpòt sit vote pi bonè ki deziyen nan Konte Miami-Dade ki bay fasilite maksimòm. Kalandriye Vote pi Bonè pou eleksyon minisipal ak nan tout konte a disponib [sou entènèt](#) anvan chak eleksyon.

Ou kapab jwenn tou lokal ak orè kote pou vote pi bonè yo lè ou kontakte 311 oswa 305-499-VOTE.

### **Vòt nan Jou Eleksyon an**

Tout biwo vòt yo ouvè apati 7:00 a.m. rive 7:00 p.m. Jou Eleksyon an.

Lwa eta a egzije pou votè ki chwazi tann Jou Eleksyon an, yo dwe ale nan biwo vòt yo ba yo a. Li enpòtan pou votè yo fè Depatman Eleksyon an konnen si yo chanje kay, pou yo kapab voye yo nan bon biwo vòt la. Ou kapab mete adrès ou ajou pa imèl, telefòn, faks oswa lè ou soumèt yon Fòm Aplikasyonn Enskripsyon Votè ajou.

Ou ka mete yon adrès ajou pa telefòn, pa lapòs oswa an pèsòn. Ou dwe ba nou non konplè ou, nouvo adrès la, dat nesans, nimewo lisans chofè Florid, nimewo idantifikasiyon Florid, oswa kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Chanjman ki soumèt sou yon [Aplikasyon Enskripsiyon Votè](#) dwe gen ladan siyati oriijinal votè a.

Votè yo kapab jwenn biwo vòt yo ba yo a lè yo gade kat enfòmasyon votè yo a, rele 305-499-VOTE, oswa ale sou [sit entènèt Depatman Eleksyon](#) an. Votè yo va kapab jwenn enfòmasyon sant elektoral yo a sou entènèt tou.

## **Kisa pou w Pote pou Vote pi Bonè ak Jou Eleksyon an**

Lè w ap vote an pèsòn, keseswa nan yon biwo pou vote pi bonè oswa nan yon biwo vòt Jou Eleksyon an, idantifikasiyon avèk foto **obligatwa**. Votè yo dwe pote yon idantifikasiyon ki ajou ak valid epi ki gen non, foto, ak siyati yo. (si yon vote pa gen (1) idantifikasiyon ki gen foto ak siyati, alò li dwe bay yon idantifikasiyon ki gen siyati nan lis pi ba a).

### **Fòm idantifikasiyon ki akseptab yo gen ladan yo:**

- Lisans chofè Florid.
- Kat idantifikasiyon Florid Depatman Sekirite Woutye ak Veyikil a Motè emèt.
- Paspò Etazini.
- Kat debi oswa kredi.
- Idantifikasiyon militè.
- Idantifikasiyon etidyan.
- Idantifikasiyon sant retrèt.
- Idantifikasiyon asosyasyon katye.
- Idantifikasiyon asistans piblik.
- Kat idantifikasiyon sante veteran Depatman Zafè Veteran Etazini an emèt.
- Pèmi pote zam kache oswa zam afe ki emèt konfòmeman a § 790.06 F.S.
- Kat idantifikasiyon anplwaye nenpòt ki sikisal, depatman, ajans, oswa antite Gouvènman Federal la, eta a, yon konte, oswa yon minisipalite emèt.

Pandan ke li pa obligatwa pou votè yo pote kat enfòmasyon votè yo nan biwo vòt la nan jou eleksyon an, li va akselere pwosesis pou tcheke a.

## **Echantyon Bilten Vòt**

Echantyon Bilten Vòt la montre votè yo sou kisa yo pral vote nan yon eleksyon an patikilye. Echantyon Bilten Vòt la gen ladan enstriksyon pou vote, lokal pou vote pi bonè yo, ak rapèl empòtan.

Echantyon Bilten Vòt yo ap disponib anvan kòmansman Vote pi Bonè yo pou tout eleksyon konte a. Nou ankouraje votè yo pou fè revizyon ak prepare davans.

Moun ka jwenn Echantyon Bilten [sou entènèt](#).

## Vòt Pwovizwa

Selon [Lwa Florid 101.048](#), si yon votè afime dèské li enskri kòmsadwa nan eta a epi li elijib pou vote nan sant elektoral la nan eleksyon an men yo pa kapab detèmine si li elijib pou vote, li va gen dwa vote ak yon bilten vòt pwovizwa.

Yon votè gen dwa a yon bilten vòt pwovizwa si:

- Non votè a pa parèt sou rejis elektwonik la epi yo pa kapab verifye elijibilite li.
- Votè a demanti konfirmasyon biwo Sipèvizè Eleksyon an ki di li pa enskri ak/oswa li pa elijib.
- Rejis elektwonik la endike votè a te retounen bilten vòt pou vote pa lapòs la oswa li te vote nan biwo a oswa nan yon biwo vòt pou vote pi bonè, men votè a afime li pa vote, menm lè yo fin rele Depatman Eleksyon an.
- Votè a pat bay idantifikasyon avèk foto/siyati.
- Rejis elektwonik la endike yo konteste votè a nan eleksyon sa a.
- Yo konteste votè a nan sant elektoral la.
- Siyati votè a pa menm avèk siyati ki nan dosye a epi yo refize afidavi.
- Rejis elektwonik la endike Depatman Deta an konjonksyon avèk Depatman Sekirite Woutye ak Veyikil a Motè pokò verifye Nimewo Lisans Chofè Florid votè a, Kat Idantifikasyon Florid li oswa Nimewo Sekirite Sosyal li.
- Yon moun yo te voye avi ba li konfòmeman a lwa 98.075(7), men yo pa t pran yon desizyon final sou elijibilite pou li.

Apre vòt la, yo va mete bilten vòt pwovizwa a nan yon anvlop vòt sekrè epi sele nan yon anvlop vòt pwovizwa pou yo remèt li bay Sipèvizè Eleksyon an.

Yon moun ki depoze bilten vòt pwovizwa gen dwa pou li prezante Sipèvizè Eleksyon an prèv ekri ki jistifye elijibilite li pou vote pa pi ta pase 5 p.m. nan dezyèm jou apre eleksyon an.

Si yo detèmine moun nan te enskri epi gen dwa vote nan sant elektoral kote moun nan depoze bilten vòt la nan eleksyon an, Komisyón Elektoral la dwe konpare siyati ki sou Sètifica ak Afimasyon Votè Vòt Pwovizwa a avèk siyati ki sou afidavit koreksyon sou enskripsyon votè a oswa rejis sant elektoral la.

## **Yon bilten vòt pwovizwa kapab konte sèlman si:**

Siyati ki sou sètifica votè a oswa afidavit koreksyon an koresponn ak siyati elektè a nan liv enskripsyón yo oswa rejis sant elektoral la; sepandan nan ka yon afidavi koreksyon, prèv idantifikasiyon ki nan lis pi ba a dwe tou konfime idantite elektè a.

oswa

Afidavit koreksyon an gen yon siyati ki pa koresponn ak siyati elektè a nan liv enskripsyón yo oswa rejis sant elektoral la, men elektè a te soumèt yon fòm idantifikasiyon Nivo 1 ki ajou e valid ki konfime idantite li.

- **Nivo 1: Idantifikasiyon** - *Yon pyès idantite ajou epi valid ki gen ladan non ou ak foto ou:*

Lisans chofè Florid; kat idantite Florid ke Depatman Sekirite Woutye ak Veyikil a Motè a emèt; paspò ameriken; kat debi oswa kredi; oswa kat idantite militè, etidyan, sant retrèt, asosyasyon katye, oswa asistans piblik; kat idantite sante pou Veteran ke Depatman Zafè Veteran Etazini a emèt; lisans Florid pou pote zam oswa zam afe kache; oswa kat idantifikasiyon anplwaye ke nenpòt ki branch, depatman, ajans, oswa antite nan Gouvènman Federal la, eta a, yon konte, oswa yon minisipalite emèt.

Si w pa genyen yon fòm idantifikasiyon Nivo 1, ou ka bay youn nan sa apre yo:


- **Nivo 2: Idantifikasiyon** - *Pyès idantite ki montre non ou ak adrès rezidans ajou w: bòdwo sèvis piblik ajou; etadkont labank; chèk gouvènman; chèk travay; oswa dokiman gouvènman (kat enfòmasyon votè pa ladan).*

Nenpòt bilten vòt pwovizwa ki pa konte dwe rete nan anvlop ki gen Sètifica ak Afimasyon Votè Bilten Vòt Pwovizwa a epi nou va make “Rejected as Illegal” (Rejte kòm Ilegal) sou anvlop la. Votè yo kapab verifye estati bilten vòt pwovizwa yo sou sit intènèt Depatman Eleksyon an nan:

<http://www.miamidade.gov/elections/provisional-tracker.asp>.

Men yon echatiyon Kat Enfòmasyon Votè. Ou kapab jwenn echatiyon Kat Enfòmasyon Votè tou nan [https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid\\_service=ser1482258761076685#3](https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid_service=ser1482258761076685#3).


# Echantiyon Kat Enfòmasyon Votè



- Adrès kote votè a rete kounyeya
- Nimewo enskripsiyon votè a
- Adrès biwo vòt votè a
- Nimewo sant elektoral kote votè a enskri pou vote
- Dat votè a fèt
- Afilyasyon pati votè a
- Reprezantan nan Kongrè, nan Eta a, ak distrik lokal votè a elijib pou vote pou yo
- Minisipalite votè a elijib pou li vote ladan

# Echantiyon Plan Biwo Vòt

## Four Simple Steps to Vote Cuatro pasos sencillos para votar • Kat Etap Fasil pou Vote



### Station 1:

**Check-In** – Voters will be asked to present a current and valid, picture and signature ID. After verification, voters will receive a Voting Pass and will be directed to Station 2.

### Station 2:

**Ballot Table** – Voters will be provided a paper ballot. Voters must initial their Voting Pass to acknowledge receipt of the ballot, they will receive a privacy folder along with a pen for marking the ballot.

### Station 3:

**Privacy Booths** – With the pen provided, voters will make their selections on both sides (if applicable) of the ballot page(s) in a booth that provides privacy for the voter.

### Station 4:

**DS200 (Optical Scan Voting Equipment)** – Voters will hand their Voting Pass to the poll worker and insert all of the ballot page(s), one page at a time into the DS200 in order to cast their ballot.

### Estación 1:

**Entrada** – Se les pedirá a los electores que presenten una identificación con fotografía y firma válida y vigente. Después de verificar la identificación, los electores recibirán un vale de autorización del elector y se les pedirá que se dirijan a la Estación 2.

### Estación 2:

**Mesa de boletas** – Se les entregará a los electores una boleta de papel. Es necesario que los electores firmen el vale de autorización del elector como constancia de que recibieron la boleta y recibirán una funda de privacidad junto con un bolígrafo para marcar la boleta.

### Estación 3:

**Cabinas de privacidad** – Con el bolígrafo que se les ha entregado, los electores marcarán sus selecciones en ambos lados (si corresponde) de las páginas de la boleta en la cabina que provee privacidad para el elector.

### Estación 4:

**DS200 (equipos de votación con escáner óptico)** – Los electores entregarán al trabajador electoral el vale de autorización del elector e insertarán en el equipo DS200 todas las páginas de la boleta, una a una, para votar su boleta.

### Estasyon 1:

**Anrejistremán** – Yo va manda vòt yo pou bay yon pyès didantitò ki ajou, valid, epi ki gen foto ak siyati. Aprè verifikasiyon, vòt yo va resevwa yon Fich Otorizasyon Vòt epi yo va dirija yo ve estasyon 2.

### Estasyon 2:

**Tab Biltén Vòt** – Yo va bay vòt yo yon biltén vòt an papye. Vòt yo dwe mete inisyal yo sou Fich Otorizasyon Vòt a pou rekonekt ke yo resevwa biltén vòt la, yo va resevwa yon katab pésomé ansamak ak yon plim pou make biltén vòt yo an.

### Estasyon 3:

**Izolwa yo** – Vòt yo va sévi ak plim yo bay la pou make chwa yo sou tou da (2) bò paj biltén vòt yo (si sa aplikab) nan yon izolwa ki pwoteje konfidansyalite vòt yo.

### Estasyon 4:

**DS200 (Ekipman Eskanè Optik pou Vote)** – Vòt yo va bay travayé bwo vòt la Fich Otorizasyon Vòt epi antre tout paj biltén vòt yo, yon paj alafwa andadan DS200 an pou yo ka vòla ak biltén vòt la.

[www.iamelectionready.org](http://www.iamelectionready.org)



Si gen yon erè ki fêt, votè a kapab resevwa yon nouvo paj bilten vòt nan zòn Ranplasman Biltén Vòt la.

# Aparèy Elektwonik pou Idantifikasyon Votè (EViD)



- EViD la se yon sistèm kontwòl votè an tan reyèl sou entènèt
- Anplwaye biwo vòt la va eskane Lisans Chofè Florid oswa Kat Idantifikasyon Florid votè a pou jwenn enfòmasyon votè a rapidman
- Pou votè avèk lòt fòm idantifikasyon, travayè biwo vòt la va fè yon rechèch manyèl.
- Votè a va siyen sou Pad Siyati Elektwonik la, epi dosye votè a ap vin ajou menm moman an
- Ansuit, nou va voye votè a nan distribisyon bilten vòt la.

## Mark Your Ballot Correctly

### Marque su boleta correctamente ★ Make Bilten Vòt w an Kòrèkteman

Miami-Dade County uses Optical Scan Voting Equipment known as the DS200. Voters will bubble in their choices on paper ballots and feed them into the DS200 to be tabulated.

El Condado de Miami-Dade utiliza equipos de votación con escáner óptico, conocidos como DS200. Los electores rellenan los óvalos para marcar sus selecciones en las boletas de papel y las insertará en el equipo DS200 para su tabulación.

Konte Miami-Dade akdyelman ap sèvi ak yon nouvo aparèy vota eskané optik ke Ela a egzis. Sitwayen yo va make chwa yo sou yon bilten an papye epi randre papye a nan yon eskané optik pou vót yo konta.

**DO** mark your ballot this way:

**MARQUE** la boleta así:

**WI** make bilten vòt w an konsa:



#### **Step 1**

Receive your ballot(s) and privacy folder. Proceed to Privacy Booth.

#### **Step 2**

Make your selection(s) for a particular contest by completely filling in the oval on the ballot with the black pen provided.

**WRITE-IN CANDIDATES** (if needed): Fill in the oval next to the words "Write-in" and write the candidate's name on the line.

#### **Step 3**

Make sure you read your ballot carefully and understand how many candidates to vote for in each contest.

#### **Step 4**

Review and check both sides of your ballot for accuracy. If you make a mistake, please return your ballot page(s) to the poll worker and request new ballot page(s).

#### **Step 5**

After completing your ballot, proceed to the DS200 and insert your ballot.

#### **Step 6**

Check the screen to see whether there are any issues with the ballot, such as overvoting or blank ballots. Press RETURN to get the ballot back. Press ACCEPT to submit ballot.

**REMEMBER, CHECK BOTH SIDES OF YOUR BALLOT.**

#### **1er Paso**

El trabajador electoral le entrega la(s) boleta(s) de papel y la funda de privacidad. Diríjase a la cabina de privacidad.

#### **2do Paso**

Haga su selección para una contienda en particular rellenando completamente el óvalo en la boleta con el bolígrafo de tinta negra que se le entregó.

**CANDIDATOS CUYOS NOMBRES NO APARECEN EN LA BOLETA** (si fuera necesario): Rellene el óvalo junto a las palabras "Write-in" (candidato cuyo nombre no aparece en la boleta) y escriba el nombre del candidato sobre la línea.

#### **3er Paso**

Asegúrese de haber leído su boleta minuciosamente y de que comprende por cuántos candidatos votar en cada contienda.

#### **4to Paso**

Revise y verifique ambos lados de la boleta para comprobar su exactitud. Si se equivoca, entregue la(s) página(s) de su boleta al trabajador electoral y solicite (una) nueva(s) página(s) de la boleta.

#### **5to Paso**

Después de completar la boleta, pase al equipo DS200 e inserte la boleta.

#### **6to Paso**

Revise la pantalla para determinar si hay algún problema en la boleta; por ejemplo, votó demasiadas veces o dejó la boleta en blanco. Oprima REGRESAR para que se le devuelva la boleta. Oprima ACEPTAR para enviar la boleta.

**NO OLVIDE REVISAR AMBOS LADOS DE LA BOLETA.**

#### **1e Etap**

Pran bilten vòt an papye anyo) ak katab konfidansyèl la nan Anpliwaye Biwo Vot la. Pase ale nan izolwa a.

#### **2yèm Etap**

Ranpli oval ki sou bilten vòt la konplètman ak plim rwa ke yo ba w an pou chwazi yon konkou an patikilye.

EKRI NON KANDIDA YO KI PA PARÈT SOU BILTEN VÒT LA (si nesesé): Ranpli oval ki sou kote ki make "Ekri non kandida ki pa répit sou bittan an" epi ekri non kandida a sou liy lan.

#### **3yèm Etap**

Asire w ka w byen li bilten vòt w an epi w byen konprann pou konbien kandida pou vote nan chak konkou.

#### **4yèm Etap**

Revise epi tcheke toude bò bilten vòt w an pou asire w ke li kòrek. Si w fe yon erè, tanpri retounen paj bilten vòt w anyo) bay travayè biwo vòt la epi mande nouvo paj bilten vòt.

#### **5yèm Etap**

Apre ke w fin ranpli bilten vòt w an, ale sou aparèy eskané optik la epi antre bilten vòt w an.

#### **6yèm Etap**

Tcheke ekran an pou wè si gen okenn bagay ki pa kòrek sou bilten vòt lan, tankou si w fe bwòp chwa oubyen si bilten vòt la vid. Peze RETOUNEN pou bilten vòt la tounen vin jwenn w. Peze ASEPTÉ pou soumet bilten vòt la.

**SONJE, TCHEKE TOUDEBÒ BILTEN VÒT W AN.**



# Ekipman Lektè Optik Vòt



Votè yo va vote sou yon bilten vòt an papye kote yo va ranpli oval ki reprezante chwa yo avèk yon plim ak lank nwa oswa ble. Li enpòtan pou votè yo pran tan yo, epi pa blyie egzamine tout bilten vòt la (devan ak dèyè) pou sèten yo wè diferan chwa ki disponib yo. Kèk bilten vòt kapab gen plizyè paj.

Lè votè yo fin make bilten vòt yo, yo va ale nan DS200 an (Ekipman Lektè Optik Vòt la), epi yo va antre bilten vòt yo a nan aparèy tabilasyon an, ki va li epi anrejistre vòt yo a. Ou kapab antre bilten vòt la nan nempòt ki direksyon. Bilten vòt an papye ki fin eskane a va tonbe nan yon bwat bilten vòt sekirize ki anba lektè a.

# Ekipman ExpressVote



- ExpressVote la se yon “aparèy pou vote ki pwodwi yon papye votè a ka verifye”; sa vle di *li va sèlman make yon bilten vòt* (Kat Aktivatè), *li pap fè tabilasyon*
- Li pa anrejistre oswa sovgade vòt/selekson nan ekipman an
- Seleksyon votè a anrejistre nan yon Kat Aktivatè
- Votè a gen opsyon utilize ekran taktil, opsyon odyo, klavye bray oswa teknoloji asistans souse-soufle pou ede anrejistre vòt yo
- Menm jan ak tout lòt bilten vòt yo, nou va plase Kat Aktivatè a nan aparèy optik bilten vòt la ki va tabile bilten vòt la
- Ekipman sa a se yon opsyon pou votè ki gen andikap. Li gen fonsyonnalite tankou:
  - Itilizasyon aparey asistans pou ede antre done
  - Klavye odyo-taktil avèk senbòl an Bray
  - Sistèm Sip-and-puff
  - Votè yo kapab konekte ekoutè odyo pou yo koute tèks bilten vòt la
  - Votè yo kapab ajiste volim ak vitès odyo a; epi
  - Sistèm vòt yo kapab pozisyone ni pou votè ki kanpe ni pou votè ki chita.

## Seksyon 6 – TRAVAYÈ BIWO VÒT

Gen plis pase 9,000 anplwaye biwo vòt nan Konte Miami-Dade ki resevwa fòmasyon nan men Sipèvizè Eleksyon an pou garanti eleksyon yo jis ak kòrèk. Yon travayè biwo vòt dwe yon votè ki enskri davans oswa ki enskri nan Konte Miami-Dade, ki kapab li ak ekri angle epi li dwe suiv yon fòmasyon obligatwa. Nou toujou bezwen travyè biwo vòt ki pale plizyè lang epi nou ankouraje yo aplike.

Ou kapab jwenn enfòmasyon konplè sou kalifikasyon travayè biwo vòt yo, aplikasyon travay nan biwo vòt yo, salè a, orè yo, elatriye lè ou li Kestyon Yo Poze Souvan sou Travayè Biwo Vòt.

### Kestyon Yo Poze Souvan sou Travayè Biwo Vòt

#### 1. Kisa kondisyon yo ye pou vin yon Travayè Biwo Vòt?

Tout moun ki enterese travay nan biwo vòt pou Konte Miami-Dade dwe:

- Yon votè ki enskri nan Konte Miami-Dade
- Ranpli fòm verifikasiyon elijibilite anplwa I-9 la (nouvo travayè biwo vòt sèlman)
- Kapab li ak ekri lang angle
- Suiv fòmasyon obligatwa anvan chak eleksyon
- Gen konpetans ekselan nan sèvis pou kliyan
- Respekte tout votè yo
- Reprezante konte a yon fason pwofesyonèl
- Kapab travay anpil èdtan
- Rete non-patizan pandan ou nan biwo vòt yo
- Gen transpò pou ale ak sòti nan biwo vòt yo
- Gen yon adrès imel valid

#### 2. Kijan pou mwen aplike pou m vin yon travayè biwo vòt?

- Fè revizyon [Enfòmasyon sou Travayè Biwo Vòt](#)
- Aplike [sou entènèt](#) atravè Aplikasyon Travayè Biwo Vòt Jou Eleksyon nou an
- Kontakte Seksyon Planifikasiyon nou an nan 305-499-8448 pou ranpli aplikasyon ou an nan telefòn
- Si w ta gen kestyon, voye yon imel nan [pwrecruitment@miamidade.gov](mailto:pwrecruitment@miamidade.gov)

Remak: Yon reprezantan Seksyon Planifikasiyon nou an va kontakte w konsènan “Fòmasyon Nouvo Travayè Biwo Vòt” kou yo fin trete aplikasyon w lan, epi verifye tout enfòmasyon yo.

#### 3. Èske gen restriksyon sou laj pou vin anpwaye nan Biwo Vòt?

Sèl restriksyon ki touche laj se travayè biwo vòt la dwe enskri pou vote nan Konte Miami-Dade oswa *enskri* alavans pou vote (16-17 ane). Pou enfòmasyon sou enskripsyon votè, tanpri ale [sou entènèt](#).

#### **4. Ki enfòmasyon ki nesesè pou ranpli Aplikasyon Travay nan Biwo Vòt la?**

Pou nou okipe aplikasyon ou an konplètman, n ap bezwen bagay ki annapre yo:

- Non konplè
- Dat Nesans
- Adrès
- Nimewo Telefòn
- Nimewo Enskripsyon Votè
- Adrès Imel Valid

#### **5. Kisa diferan pòs Travayè Biwo Vòt yo ye?**

##### **Sekretè**

- Li sipèvize konsèy elektoral la
- Li responsab ranpli papye obligatwa yo anvan biwo vòt yo ouvè epi lè yo fin fèmen
- Li rapòte nan Sant Koleksyon an avèk founiti espesifye apre biwo vòt yo fèmen

##### **Sekretè Adjwen**

- Li dwe konn tout pwosedi Sekretè Biwo Vòt la pou ede Sekretè Biwo Vòt la, oswa pran plas Sekretè Biwo Vòt la si sa nesesè
- Li responsab distribisyon oswa ranplasman bilten vòt yo

##### **Enspektè Kontwòl/EViD**

- Mande idantifikasiyon votè a
- Eskane pyès idantite ki akseptab yo oswa antre enfòmasyon votè a alamen nan sistèm kontwòl la
- Voye votè a souTab Bilten Vòt la oswa a Espesyalis Eleksyon an si sa nesesè
- Si votè a bezwen vote sou ExpressVote a, li va rele Espesyalis Eleksyon an pou ede

##### **Enspektè Tab Bilten Vòt**

- Li bay votè a bilten vòt ki apwopriye a
- Li anrejistre epi konfime kantite paj bilten vòt votè a pral resevwa

##### **Enspektè aparèy DS200**

- Ede votè a nan asire ke yo satisfè avèk seleksyon vòt yo anvan votè a itilize DS200 la (tabilitè) pou li soumèt bilten vòt li
- Depane bilten vòk ki bloke ak lòt ti pwoblèm teknik

## Ajan Biwo Vòt

- Li mentni limit 150 pye non solisitasyon an, li kenbe lòd andeyò biwo vòt la epi li fè obsèvè limit 75 pye sondaj aprè vòt la.
- Li responsab sikilasyon votè yo ki ap antre ak sòti nan biwo vòt la
- Li verifye tan atant chak èdtan lè li bay dènye votè ki nan ling lan a yon fèy. Si pa gen okenn votè, yo bay Enspektè EViD la fèy la dirèkteman.

**ENPÒTAN:** *Tout travayè biwo vòt yo, kèlkeswa pòs yo, responsab ranje ekipman yo ak founiti yo nan sant elektoral kote yo ap travay la nan lendi anvan eleksyon kote yo ap travay la ak lè biwo vòt yo fin fèmen nan Jou Eleksyon an.*

### 6. Kisa orè travay la ye?

Tout travayè biwo vòt dwe prezante nan jou lendi pou konfigirasyon biwo vòt la. Apre sa, yo dwe nan biwo vòt yo asiyen yo a 5:30 a.m. nan jou madi, Jou Eleksyon an. Biwo vòt yo fèmen a 7:00 p.m. oswa lè dènye votè a kite biwo vòt la. Va gen lè adisyonèl pou operasyon apre fèmti. Nou espere travayè biwo vòt nou asiyen nan yon biwo vòt dwe rete la pou tout jounen an.

### 7. Èske se yon pòs peye?

Yo peye travayè biwo vòt yo yon alokasyon (sètadi pa yon peman pou chak èdtan) pou fòmasyon, aranjman anvan eleksyon ak travay yo gen pou fè nan Jou Eleksyon an baze sou pòs yo genyen an. [Barèm Peman Travayè Biwo Vòt](#) konplè a bay detay sou peman yon travayè biwo vòt selon pòs li.

### 8. Kilè yo va peye m paske mwen travay nan yon Eleksyon?

Yo va voye pa lapòs tout chèk travayè biwo vòt yo twa semèn *apre lè* yo ba yo travay la. Yo va voye chèk yo pa lapòs al nan adrès rezidansyèl oswa adrès postal ki nan dosye Depatman Eleksyon; kidonk, li enpòtan anpil pou w kenbe adrès ou a ajou. Sa ki enpòtan, ou dwe ale nan fòmasyon **epi** fè travay yo ba ou Jou Eleksyon an pou w resevwa peman.

### 9. Èske yo va ban mwen travay toupre lakay mwen?

Biwo nou an fè tout sa li kapab pou mete ou pi pre biwo bò lakay ou ke posib; sepandan, kòm plasman nan biwo vòt yo baze sou bezwen, yo **ka** asiyen travayè biwo vòt yo pou yo travay lòt kote.

## **10. Èske yon travayè biwo vòt kapab travay nan plis pase yon eleksyon pa ane?**

**Wi.** Si gen plizyè eleksyon pandan ane a, yo kapab bay yon travayè biwo vòt travay nan plis pase yon eleksyon. Tanpri gade [Kalandriye Elektoral](#) nou yo pou dat ak adrès eleksyon yo. Nou va planifye fòmasyon selon nesesite dapre dat yo ak nesesite jeneral pou pèsonèl nan chak eleksyon.

## **11. Mwen seyon anplwaye Konte a. Kijan mwen ka vin yon travayè biwo vòt?**

Wi ou kapab vin yon travayè biwo vòt, annatandan apwobasyon depatman an. Tanpri refere w a DPR ou pou plis enfòmasyon.

## **12. Èske nou kapab rekòmande zanmi ak fanmi pou aplike pou travay nan Biwo Vòt?**

**Wi!** Nou bay rekòmandasyon pèsonèl enpòtans epi nou **ankouraje** yo.

## **Seksyon 7 – ASISTANS VOTÈ**

### **Èske mwen ka vini avèk èd oswa jwenn èd nan biwo vòt la?**

Wi. Si w bezwen èd pou w vote paske w avèg, enfim oswa w pa kapab li oubyen ekri oswa ou bezwen moun ede w pale lang lan, ou gen plizyè opsyon pou w vote. Ou pa oblige revele nati enfimite w genyen an. Votè kapab:

- Vote nan biwo vòt la lè w ap sèvi ak Expressvote (aparèy aksesib pou make). Lwa Federal ak Eta egzije ekipman vòt ki aksesib dwe nan chak biwo vòt. Aparèy sa yo pèmèt ou vote an prive preske san assitans.
- Vote nan biwo vòt la ak èd pèsonèl. Ou ka gen nenpòt moun, sof anplwayè oswa ajan anplwayè w oubyen ofisyè oswa ajan sendika ou. Ou ka gen èd de (2) ofisyèl eleksyon nan biwo vòt la. Ou dwe deklare alekri ke w bezwen èd pou w vote amwen ke ou te deja fè sa nan aplikasyon enskripsyon votè ou a. Si yon moun ki pa sekretè biwo vòt la oswa enspektè a ede w, moun ou chwazi a va bezwen ranpli yon deklarasyon. Si w gen kestyon sou resevwa èd, tanpri mande sekretè biwo vòt la oswa enspektè nan biwo vòt la.
- Vote yon bilten vòt pou vote pa lapòs. Ou ka vote nenpòt kote ou ye, tankou lakay ou nan etablisman lojman avèk asistans oswa mezon retrèt. Ou ka gen nenpòt moun, sof anplwayè oswa ajan anplwayè w oubyen ofisyè oswa ajan sendika ou ede w make chwa w yo sou bilten vòt la.

Remak: Si w bezwen asistans pou make bilten vòt ou a, tanpri fè yon travayè biwo vòt konn sa. Si w fè yon fot sou yon bilten vòt an papye, mande yon bilten vòt ranplasman.

## Seksyon 8 – RESTORASYON DWA VOTE

Anba Atik VI, Seksyon 4 Konstitisyon Florid la, nenpòt moun ki kondane pou yon krim grav diskalifye pou vote jiskaske dwa vòt li restore. Si diskalifikasyon potansyèl pou vote w la soti nan kondanasyon pou yon krim grav ki pa asasina oswa ofans seksyèl, dwa vòt ou restore lè w fin piye tout tèm santans ou, ki gen ladan libète kondisyonèl ak pwobasyon. Si diskalifikasyon potansyèl pou vote w la soti (a) nan kondanasyon pou asasina oswa yon ofans seksyèl oswa (b) ou pa fin piye tèm santans ou ki gen ladan liberasyon kondisyonèl oswa pwobasyon, yo ka restore dwa vòt ou sèlman pa klemans. Si yon moun se yon votè enskri epi Depatman Eleksyon resevwa dokimantasyon ki soti nan Divizyon Eleksyon Florid, Grefye Tribunal Sikui a ak Kontwolè, Pwokirè Etazini an oswa lòt ajans, ke votè enskri a potansyèlman diskalifye pou vote akoz yon kondanasyon pou krim grav, Depatman Eleksyon va fè revizyon dokimantasyon prèv yo bay la.

Si Depatman an detèmine ke dokimantasyon prèv yo kredib epi li montre moun lan (a) te idantifye kòrèteman, (b) te kondane pou krim grav epi (c) oubyen li pat piye tout tèm santans li oubyen dwa vòt li pat restore pa klemans, jan sa aplikab, alò biwo nou an va notifye moun lan ke yo te idantifye li kòm yon moun ki potansyèlman diskalifye pou vote akoz yon kondanasyon pou krim grav. Depatman an va bay moun lan chans pou prezante prèv ki montre ke oubyen li pat kondane pou krim grav oswa dwa vòt li te restore.

Yo va retire sèlman moun lan sou lis votè a si prèv ki endike li diskalifye pou vote yo predomine. Nan tout lòt sikontans, li va rete yon votè aktif.

Si yon moun gen yon kondanasyon pou krim grav e li vle konfime ke li te piye tout tèm santans li, li ta dwe kontakte Grefye Tribunal Sikui [a](#) ak Kontwolè nan Konte kote aksyon a te ka kòmanse. Komisyon Florid pou Revizyon Ofansè, oswa Depatman Koreksyon Florid pou konfime sitiyasyon yo.

Si yon moun gen yon kondanasyon pou krim grav e li vle soumèt yon aplikasyon pou retabli dwa atravè pwosesis klemans la, li ta dwe kontakte Biwo Egzekitif Klemans la nan 850-488-2952.

## Seksyon 9 – KESTYON VOTÈ POZE SOUVAN

### E si yon votè pa resevwa Kat Enfòmasyon Votè li?

Votè ki enskri pou vote oswa ki fè chanjman (tankou adrès oswa afilyasyon pati) nan enskripsyon yo, epi ki pa resevwa nouvo Kat Enfòmasyon Votè yo ka rele 305-499-VOTE.

### Èske mwen bezwen Kat Enfòmasyon Votè mwen pou mwen vote?

Non, ou pa bezwen Kat Enfòmasyon Votè ou pou w vote, paske li la sèlman pou rezon enfòmasyon.

### Kisa mwen bezwen pote pou mwen vote ?

Ou sèlman bezwen yon pyès idantite valid ki gen foto ak siyati, tankou lisans chofè Florid ou; kat idantite Florid ke Depatman Sekirite Otowout ak Veyikil a Motè delivre, ak Paspò Etazini jis pou site kék. Gade lis konplè a nan paj 11.

### Èske Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs yo konte?

Wi, depi ou retounen anvlop bilten vòt pou vote pa lapòs la anvan 7:00 p.m. Jou Eleksyon an. Paske Depatman Eleksyon an va verifye siyati yon votè gras a konparezon avèk siyati ki nan dosye a, votè yo dwe verifye ke siyati yo ajou. Sa yo se prenye bilten vòt tabile nan chak eleksyon.

### E si yo pa jwenn non yon votè lè li ap vote an pèsòn?

Yon Espesyalis Eleksyon ki baze nan sant elektoral la va verifye pou wè si moun nan se yon votè enskri gras a rechèchè enfòmasyon li sou yon baz done aktif ki nan biwo vòt la oswa rele Depatman Eleksyon epi konfime avèk yon espesyalis enskripsyon. Si travayè biwo vòt la fè yon votè konnen li pa kapab vote, moun lan gen dwa pou li konnen rezon an epi vote yon bilten vòt pwovizwa.

### Èske mwen kapab vote nan nenpòt lokal biwo vòt Jou Eleksyon an?

Non. Yon votè ka sèlman vote nan biwo vòt yo ba li pou Jou Eleksyon an, votè a ka jwenn li nan Kat Enfòmasyon Votè li oswa lè li ale sou entènèt.

### Èske Florid se yon Eta Primè Fèmen?

Wi, yon Eta Primè Fèmen vle di se sèlman votè ki manm enskri yon pati politik ki ka vote pou kandida pati pa yo a nan yon eleksyon primè.

## **Ki sa yon Konpetisyon Primè Inivèsel ye?**

Si tout kandida pou yon pòs genyen menm afilyasyon pati politik epi gayan an pa pral genyen okenn opozisyon nan eleksyon jeneral la, tout votè ki kalifye, kèlkeswa afilyasyon pati politik yo, ka vote nan eleksyon primè a pou pòs sa a. Sa rele “Konpetisyon Primè Inivèsèl”

## **Èske votè yo dwe vote avèk yon Bilten Vòt Pwovizwa lè yo chanje adrès?**

Non. Sekretè biwo vòt la va ranpli yon Fòm Afimasyon pou anrejistre chanjman adrès la. Votè yo dwe vote nan sant elektoral yo ba yo a donk yon votè ki chanje adrès nan biwo vòt la gen dwa bezwen ale nan yon lòt biwo vòt nan Jou Eleksyon an.

## **Èske vote pa lapòs se yon opsyon ki sekirité?**

Wi, vote pa lapòs se yon mwayen pou vote ki sekirité e konvenab. Depatman Eleksyon valide bilten vòt pou vote pa lapòs lè demann lan fèt, lè yo voye yon bilten vòt apwopriye bay votè a pa lapòs, ak lè bilten vòt ki ranpli a retounen nan biwo nou.

## **Kòman votè yo kapab pwoteje bilten vòt pou vote pa lapòs yo?**

Votè yo kapab pwoteje bilten vòt pou vote pa lapòs yo lè yo kenbe bilten vòt yo ant yo menm e Depatman Eleksyon, lè yo pa bay bilten vòt yo a pèsòn ki pa otorize, lè yo asire ke yo siyen anvlop sètifikasi a anvan yo voye l tounen, lè yo asire ke Depatman Eleksyon resevwa bilten vòt la pa pi ta pase 7:00 p.m. Jou Eleksyon an, ak lè yo toujou gen yon siyati ki ajou nan dosye Depatman Eleksyon.

## **Ki sa Konte Miami-Dade fè pou asire ke eleksyon nou yo sekirité e transparan?**

Deklarasyon misyon nou se enspire konfyans nan fè eleksyon san patipri, egzak, transparan e aksesib pou tout votè Konte Miami-Dade. Nou akonpli sa nan asire entegrite chak eleksyon. Gade [Fèy Enfòmasyon Sekirite ak Entegrite](#) nou an.

## Seksyon 10 – KESTYON, PLENT AK VYOLASYON

**Kijan pou mwen rapòte vyolasyon lwa elektoral?** (Seksyon 97.012(15), 97.023, 97.028, ak 97.0575 Fla. Stat.; Regleman 1S-2.025, 1S-2.036, 1S-2.038, ak 1S-2.042(8), Fla. Admin. Code)

Ou ka rapòte fwod votè oswa lòt vyolasyon nan fason sa yo:

- Pou yon vyolasyon swa Lwa Nasjonal Enskripsyón Votè 1993 la, Lwa *Help America Vote 2002* a, oswa yon iregilarite oswa fwod ki enplike enskripsyón votè, vòt, petisyon kandida oswa bay petisyon oswa pwosedi deplasman anba kòd eleksyon Florid, soumèt yon plent ekri (Divizyon Eleksyon Florid la) Florida Division of Elections, Room 316, R.A. Gray Building, 500 S. Bronough Street, Tallahassee, Florida 32399-1050, 850-245-6200. Fòm plent yo disponib sou sit entènèt Divizyon Eleksyon an nan: [dos.myflorida.com/elections/contacts/elections-fraud-complaint](http://dos.myflorida.com/elections/contacts/elections-fraud-complaint). Division Eleksyon an opere tou yon Liy Dijans pou Fwod Votè (nan lang anglè ak espagnòl). Telefòn gratis 1-877-868-3737, L.-V. 8:00 a.m. - 5:00 p.m., ET, si w se yon moun ki soud, ou tandi di, ou soud-avèg oswa gen pwoblèm pou pale, tanpri kontakte Divizyon an lè w itilize Sèvis Relè Florid, 1-800-955-8771 (TDD) oswa 1.800.955.8770 (Odyo). Pou plis enfòmasyon, vizite Sèvis Relè Florid.
- Pou vyolasyon ki enplike finansman kanpay, kandida, komite ak lòt aktivite politik anba chapit 104, 106 epi seksyon 105.071, Lwa Florid, soumèt yon plent alekri kote ou sèmante bay Komisyón Eleksyon Florid (Florida Elections Commission,) Suite 224 Collins Building, 107 West Gaines Street, Tallahassee, Florida 32399-1050, 850-922-4539. Komisyón Eleksyon Florid la gen jiridiksyón sèlman pou enpoze penalite sivil (sa vle di amann) (Tyeke Seksyon 106.25, Fla. Lwa). Note: Komisyón Eleksyon Florid la se yon antite separe de Divizyon Eleksyon Depatman Deta.
- Tout lòt vyolasyon ta dwe rapòte bay pwokirè eta lokal a. (Chapit 104 Lwa Florid, gen ladan vyolasyon kriminèl ki andedan Kòd Elektoral Florid la.) Moun ka rapòte vyolasyon Chapit 104 la bay Komisyón Elektoral Florid oswa pwokirè eta a oswa tou de.

### Kòman pou mwen rapòte fwòd elektoral?

Si yon moun konnen yon moun ki ap fè entèferans nan kapasite pou moun vote, ki te eseye fè fwòd, entimidasyon oswa lòt aktivite ilegal, li kapab rele Liy Dirèk Pwoteksyón Votè Biwo Pwokirè Eta a nan 305-547-3300.

Depatman Deta Florid genyen otorite pou li mennen envestigasyon preliminè konsènan tout alegasyon iregilarite oswa fwòd ki enplike enskripsyón votè, vòt, kandida oswa aktivite petisyon sou yon pwoblèm. Ou kapab rapòte fwòd elektoral bay Depatman Deta lè w ranpli fòm apwopriye a.

### Kòman pou mwen jwenn enfòmasyon jeneral konsènan dewoulman yon eleksyon?

Pou kestyon konsènan elijibilite votè, aksè, kesyon jeneral sou pwosedi, oswa plent, rele Depatman Eleksyon Konte Miami-Dade nan 305-499-VOTE (8683).

### **Ki moun pou mwen kontakte pou plent ki gen rapò ak kandida?**

Pou plent ki gen rapò ak kandida, tanpre rele Komisyon Etik Florid nan 850-922-4539.

### **Kimoun pou m kontakte si m gen kestyon adisyonèl?**

Divizyon Eleksyon an bay yon Nimewo Asistans gratis pou kestyon jeneral: 1-866-308-6739. Pou kestyon ki gen rapò dirèkteman ak pwosesis elektoral la nan Konte Miami-Dade, kontakte nou nan telefòn 305-499-VOTE, imel [soedade@miamidade.gov](mailto:soedade@miamidade.gov) oswa vizite [paj entènèt](#) nou an.

## **Seksyon 11 – KALANDRIYE ELEKTORAL**

Pou wè dènye delè enskripsyon yo, dat kalifikasyon kandida yo pou eleksyon ki planifye yo, ak dat eleksyon yo vizite [paj entènèt](#) nou an.